

Lis tchèk pou ouvri yon kont labank oswa kont kredi sendika

Ou gen dwa decide yon kont kouran oswa kont depay se pwodwi apwopriye a pou ou. Si se wi, ouvri yon kont nan yon bank oswa sendika kredi se yon pwosesis byen fasil.

Ouvri yon kont labank oswa kont sendika kredi

Premyèman, ou gen dwa jwenn yon rekòmandasyon pou yon bank oswa sendika kredi ki soti nan men yon zanmi oswa yon fanmi ou fè konfyans. Aprann enfòmasyon sou:

- Frè yo chaje
- Sèvis yo ofri, tankou kapasite pou fè peman nan sit wèb
- Enterè yo peye pou kont depay yo

Ti Konsèy

dwe kenbe nan kont la tout tan nan fason pou evite oswa redwi frè yo. Yo rele sa a "egzijans balans minimòm." Pètèt sa a pap menm kantite lajan w bezwen pou ouvri kont la.

Nòmalmman ou pral bezwen ant \$25 ak \$100 pou ouvri yon kont kouran oswa kont depay. Ou pral depoze lajan sa a nan kont ou.



Epitou w pral bezwen de (2) kalite idantifikasyon pou ouvri yon kont. Gen kèk bank oswa sendika kredi ki pral aksepte yon sèl kalite idantifikasyon ak yon bòdwo ki gen non ak adrès ou ekri sou li. Nòmalmman, yo pral egzije w pou prezante:

- Yon idantifikasyon leta govènman Etazini bay ki gen foto w, tankou yon lisans chofè, Paspò Etazini, oswa idantifikasyon militè.
- Si w pa gen yon idantifikasyon leta govènman Etazini bay, gen kèk bank ak sendika kredi yo ki aksepte paspò etranje yo ak Idantifikasyon Konsila yo tankou, kat Konsila Matricula a.

ak youn nan annapre yo:

- Kat Sekirite Sosyal w
- Yon bòdwo ki gen non ak adrès w ekri sou li
- Batistè w

Konsila Matrikila

Yon Konsila Matrikila se yon dokiman idantifikasyon ofisyèl ki soti nan men gouvènman Meksiken an. Lòt peyi yo, tankou Gwatemala, ak Ajantin, ofri Idantifikasyon sanblab. Konsila yo nan peyi Etazini ofri yo. Si ou soti nan yon lòt peyi epi ou pa gen yon Idantifikasyon ki soti nan men Etazini oswa yon gouvènman leta, ale nan anbasad peyi ou pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou jwenn yon kat Idantifikasyon, ak tcheke avèk bank ak sendika kredi yo sou si wi ou non yo aksepte li.

ITIN ak kont ki bay enterè

Yo konsidere enterè nan kont labank oswa depay ou yo kòm revni. Si w touche revni, ou dwe peye taks sou li. Se poutèt sa a w gen yon Nimewo Sekirite Sosyal oswa yon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) ki pèmèt ou ouvri yon kont k ap peye enterè.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou ITIN ak fason pou jwenn youn, kontkate IRS nan nimewo 1-800-829-1040 oswa ou kapab jwenn enfòmasyon lè w ale nan sit wèb:

www.irs.gov/Individuals/General-ITIN-Information

Lis Verifikasyon pou ouvri yon kont labank

Sèvi avèk lis verifikasyon yo nan paj annapre a pou asire ke ou gen tout sa ou bezwen pou ouvri yon kont nan yon bank oswa sendika kredi.



Lis verifikasyon pou kont kouran

Asire byen ke ou gen sa w bezwen pou ouvri yon kont nan yon bank oswa sendika kredi.

Atik obligatwa yo pou ouvri yon kont labank

Enfòmasyon obligatwa	Kesyon siplemantè
<input type="checkbox"/> Yon kalite idantifikasyon ki soti nan men peyi Etazini a oswa govènman etranje avèk foto ou sou li. Remake ke chak bank oswa sendika kredi gen règ pwòp tèt yo sou ki kalite # Idantifikasyon etranje yo aksepte.	
<input type="checkbox"/> Yon dezyèm kalite idantifikasyon: Nimewo Sekirite Sosyal ou, yon bòdwo avèk non ak adrès sou li, oswa batistè w.	
<input type="checkbox"/> Nimewo Sekirite Sosyal oswa ITIN ou; si non, pètèt yo pral pèmèt ou ouvri yon kont ki pa peye enterè.	
<input type="checkbox"/> Lajan pou ouvri kont la	

Kesyon pou mande reprezantan w

Mande reprezantan w kesyon sou	Remak
<input type="checkbox"/> Balans minimòm obligatwa pou evite frè pou sèvis chak mwa yo	
<input type="checkbox"/> Frè pou sèvis chak mwa yo	
<input type="checkbox"/> Depo dirèk ak si wi ou pa sa a elimine frè chak mwa a	
<input type="checkbox"/> Frè pou chak chèk oswa tranzaksyon	
<input type="checkbox"/> Frè yo ki gen rapò avèk itilizasyon aparèy kesye otomatize (automated teller machines, ATM) yo	
<input type="checkbox"/> Aksè nan entènèt pou sèvis labank ak nenpòt depans asosye yo	
<input type="checkbox"/> Aksè nan entènèt pou peye bòdwo ak nenpòt depans asosye yo	
<input type="checkbox"/> Fason pou evite frè pou balans negatif yo	
<input type="checkbox"/> Notifikasyon pou alèt sou balans ki ba	

Kontakte nou



Sit wèb

consumerfinance.gov/askcfpb



Nan telefòn

Gratis: (855) 411-CFPB (2372)

TTY/TDD: (855) 729-CFPB (2372)



Pa Lapòs

Consumer Financial Protection Bureau

P.O. Box 2900

Clinton, Iowa 52733-2900



Prezante yon plent

consumerfinance.gov/complaint



Consumer Financial
Protection Bureau

Yon Gid Pou Moun K AP Fèk Kòmanse Jere LaJan